

BAB I BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Globalisasi teu salawasna méré mangpaat keur kahirupan manusa, saperti sarwa gancang, sarwa babari jeung sarwa némbak, tapi aya kalana globalisasi ogé méré pangaruh négatif pikeun manusa. Salasahiji pangaruh négatif tina globalisasi, nyaéta beuki nyirorotna ajén-inajén budaya karuhun, ngésér kasilih ku budaya deungeun. Kiwari, masarakat leuwih milih kabudayaan anyar anu holna ti nagara barat, anu ceuk maranéhna leuwih maju, luhur géngsina, tur bisa ngigelan jaman, sarta leuwih praktis dibandingkeun jeung kabudayaan lokalna.

Manusa mangrupa mahluk individu jeung mahluk sosial, sabab salian ti miboga kahirupan jiwa sorangan, manusa ogé henteu bisa dipisahkeun ti masarakat. Manusa lahir, hirup, kumbuh, jeung maot dina kahirupan masarakat. Nurutkeun Aristoteles, manusa mangrupa *Zoon Politicon*, hartina manusa miboga kamampuh pikeun hirup dina kelompok jeung manusa séjén dina hiji organisasi anu sistematis, ogé miboga tujuan anu jelas, nyaéta nagara. Manusa miboga kahayang pikeun gaul tur kumpul jeung sasama, sangkan jadi mahluk anu sok anclub di masarakat. Ku sabab sipatna anu sok gaul jeung batur, manusa disebut mahluk sosial.

Manusa jeung masarakat, miboga hubungan anu dalit jeung kabudayaan. Jadi, Kabudayaan masarakat, mangrupa idéntitas atawa cicirén masarakatna sorangan. Di jaman kiwari, teu saeutik manusa atawa masarakat anu geus teu maliré kabudayaan. Padahal gedé mangpaatna lamun urang mikaya budaya, ku cara miara tur mertahankeun éta budaya, hususna budaya Sunda.

Nurutkeun Rosidi, (2007, kc. 18) kabudayaan Sunda, mangrupa maniféstasi gagasan katut pikiran sarta kagiatan, boh nu abstrak, boh anu mangrupa barang. Kiwari, kareueus masarakat kana mertahankeun budayana, hususna budaya Sunda geus ngalaman parobahan. Beuki dieu, beuki saeutik kareueus urang Sunda kana budayana. Ajén-ajén kabudayaan anu biasa digunakeun mangtaun-taun, geus téréh leungit ku sabab asupna budaya deungeun. Budaya deungeun, gedé pisan

Andini Isti Syafitri, 2014

Sistem Peralatan Dan Teknologi Masyarakat Kampung Naga Untuk Alternatif Bahan Ajar Membaca Artikel Budaya Di Sma Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangaruhna kana kabudayaan daérah atawa kabudayaan lokal. Unsur kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 164) di antarana:

- 1) Basa;
- 2) sistem pangaweruh;
- 3) organisasi sosial;
- 4) sistem pakakas hirup jeung téknologi;
- 5) sistem pakasaban;
- 6) sistem religi;
- 7) kasenian.

Mekar tur majuna téknologi jaman kiwari, geus kapangaruhan ku budaya séjén. Tina sakabéh masarakat Indonesia anu geus kapangaruhan ku budaya séjén, aya kénéh masarakat anu tetep nyekel pageuh kabudayaan sorangan, hususna kabudayaan Sunda. Salasahiji daérah atawa kampung anu masih nyekel pageuh kana budayana tur ngajaga alamna, nyaéta Kampung Naga.

Salaku salasahiji bagian tina masarakat Sunda, warga Kampung Naga geus mikaya budaya Sunda. Prinsip-prinsip anu diwariskeun karuhunna miboga kaarifan dina sistem pangaweruh tradisional anu kiwari disakompétdaunkeun ku masarakat modéren.

Masarakat Kampung Naga, miboga anggapan yén Kampung Naga mangrupa tanah warisan karuhun pikeun anak-incuna. Jadi, maranéhna miboga kawajiban pikeun ngajaga éta alam (Suganda, 2006, kc. 21). Éta saluyu jeung pamadegan Rosidi (2007, kc. 38) yén urang Sunda kudu ngajaga alam Sunda sangkan ulah rusak, miara, jeung makayakeun budayana kalawan daria. Ngajaga alamna, ngandung harti kudu ngusahakeun sangkan walungan angger caian, tur caina hérang. Ngajaga alam ngandung harti kudu ngajaga sangkan gunung-gunung jeung pasir-pasir ulah dibukbak leuweungna, digalian taneuh jeung keusikna.

Urang Sunda, miboga anggapan yén alam bakal méré mangpaat anu gedé ka manusa, lamun manusa bisa ngajaga, miara éta alam kalawan hadé, jeung

ngagunakeun éta alam sacukupna. Lamun henteu dijaga atawa henteu digunakeun kalawan hadé, mangka bakal ngabaluarkeun mamala.

Ku majuna jaman, mekar tur canggihna téknologi, masarakat Kampung Naga tetep nyekel pageuh kana aturan atawa tradisi budayana ku cara ngagunakeun pakakas jeung téknologi anu sarwa basajan, jeung tradisional. Masarakat Kampung Naga tetep mertahankeun éta budaya di tengah-tengah jaman modérn jiga kiwari.

Éta hal, nyieun kapanasaran panulis pikeun mikanyaho leuwih jero ngeunaan kabudayaan atawa kearifan lokal anu masih dicekel pageuh ku masarakat Kampung Naga, hususna ngeunaan sistem pakakas jeung téknologi. Panulis panasaran kana cara masarakat Kampung Naga dina mertahankeun pakakas jeung téknologi tradisional di tengah jaman anu geus sarwa canggih atawa modéren.

Ieu panalungtikan penting diayakeun, sabab miara kabudayaan geus aya payungna, nyaéta UUD NRI 1945, Pasal 32, anu unina:

“Pemerintah memajukan kebudayaan Nasional Indonesia”. Penjelasan: “kebudayaan bangsa ialah kebudayaan yang timbul sebagai buah usaha budinya rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah di seluruh Indonesia, terhitung sebagai kebudayaan bangsa. Usaha kebudayaan harus menuju ke arah kemajuan adab, budaya, persatuan, dengan tidak menolak bahan-bahan baru dari kebudayaan asing yang dapat memperkembangkan atau memeperkaya kebudayaan bangsa sendiri, serta mempertinggi derajat kemanusiaan bangsa Indonesia.”

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar maca, wangun artikel budaya di SMA kelas XII. Standar kompéténsi jeung Kompéténsi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda minangka program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda. Standar Kompeténsi jeung Kompeténsi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun dumasar kana Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003

ngeunaan ngamumulé basa, sastra, jeung aksara daérah anu netepkeun basa Sunda diajarkeun di lembaga pendidikan dasar di Jawa Barat.

Dasar diajar basa jeung sastra, sarua jeung diajar komunikasi. Sedengkeun diajar sastra, sarua jeung jeung diajar ngahargaan ajén-ajén *kemanusiaan* sarta ajén-ajén kahirupan. Bahan-bahan pangajaran maca basa Sunda téh kacida réana, salasahijina nyaéta pangajaran maca artikel. Saluyu jeung anu dijéntrékeun dina SKKD SMA kelas XII dina aspék maca, Standar Kompetensina “*Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan.*”, salasahiji Kompetensi Dasarna nya éta: “*Membaca artikel tentang budaya*”. Ku kituna, hasil panalungtikan budaya di Kampung Naga bisa dijadikeun alternatif bahan ajar artikel ngeunaan budaya di kelas XII SMA.

Panalungtikan ngeunaan Kampung Naga, geus aya nu nalungtik, salasahijina nyaéta “*Kajian Ajén Éstétika dina Arsitektur Imah Adat Kampung Naga, pikeun Bahan Pangajaran Kandaga Kecap*” (Dewi, K: 0902407). Tapi, Sistem Pakakas jeung Téknologi masarakat Kampung Naga, acan aya anu nalungtik.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Sistem Pakakas jeung Téknologi Masarakat Kampung Naga pikeun Alternatif Bahan Ajar Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*”

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah anu kapanggih di lapangan ngeunaan kabudayaan téh di antarana, nyaéta (1) sistem basa di Kampung Naga anu masih kénéh leket jeung basa Sundana, tapi bisa maraké basa asing; (2) sistem *filter* élmu pangaweruh anu tetep digunakeun ku masarakat Kampung Naga; (3) sistem pamaréntahan atawa kamasarakatan anu tetep diwariskeun sacara turun-tumurun; (4) sistem pakakas jeung téknologi anu masih tradisional; (5) sistem pakasaban anu masih ngagunakeun cara jeung pakakas tradisional; (6) sistem réligi anu masih leket

jeung mitologina, jste. Éta kabéh masalah bisa ditalungtik kalawan jero. Sangkan ieu panalungtikan bisa museur, masalah rék diwatesanan, nyaéta ngeunaan sistem pakakas jeung téknologi dina: (1) Ngawangun imah; (2) di dapur; (3) alat penerangan (4) alat komunikasi; (5) Pakakas jeung téknologi dina tatanén (6) Pakakas jeung téknologi pikeun nyumponan kabutuhan sapopoé, jeung (7) cara ngukuhan éta pakakas jeung téknologi ka anak-incu.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan, dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi umum masarakat jeung daérah Kampung Naga?
- 2) Kumaha sistem pakakas jeung téknologi masarakat di Kampung Naga?
- 3) Kumaha cara masarakat Kampung Naga ngukuhan pakakas jeung téknologi tradisional di jaman modéren jiga kiwari?
- 4) Kumaha alternatif bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh panulis jeung pamaca ngeunaan kabudayaan Sunda, hususna ngeunaan hal anu aya patalina jeung sistem pakakas jeung téknologi masarakat Kampung Naga. Éta pangaweruh, dipiharep bisa numuwuhkeun kasadaran masarakat kana pentingna miara tur mertahankeun budaya, hususna budaya Sunda.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Masarakat jeung daérah Kampung Naga;
- 2) sistem pakakas jeung téknologi masarakat Kampung Naga;

- 3) cara masarakat Kampung Naga ngukuhan pakakas jeung téknologi tradisional di jaman modéren;
- 4) alternatif bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

- 1) Pikeun mikawanoh tur nambahan élmu kabudayaan di Kampung Naga, hususna ngeunaan kabudayaan dina sistem pakakas jeung téknologi;
- 2) nambahan élmu jeung pangaweruh panulis ngeunaan kabudayaan Sunda anu masih dicekel pageuh ku masarakat Kampung Naga;
- 3) nambahan réferénsi atawa hasanah panulisan ngeunaan kabudayaan Sunda di Kampung Naga pikeun Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah tur lembaga séjén anu miboga kapentingan kana ieu panalungtikan;
- 4) nambahan informasi tur inspirasi keur pihak séjén, sangkan kataji atawa kairut haténa pikeun nalungtik leuwih jero ngeunaan kabudayaan Sunda.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Dipiharep, tina ayana ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- 1) Numuwuhkeun kasadaran masarakat kana pentingna kabudayaan, tur bisa nambahan pangaweruh ka kabéh pihak, ngeunaan sistem pakakas jeung téknologi pikeun dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan anu ngabudaya.
- 2) Miharep yén budaya Sunda bakal terus dimumulé tur digunakeun, ogé bisa ngeuyeuban kana budaya bangsa.
- 3) Mawa ajén-ajén budaya, anu miboga tujuan pikeun sumanget ngabudaya, tur sikep positif utamana pikeun generasi muda salaku hiji pangajén kana pajoangan masarakat Kampung Naga anu masih mertahankeun budaya Sunda.
- 4) Nambahan alternatif bahan ajar maca artikel ngeunaan budaya di kelas XII SMA.

1.5. Raraga Tulisan

Ieu skripsi, disusun jadi lima bab. Bab I eusina mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II eusina raraga tiori ngeunaan budaya, sistem pakakas jeung téknologi, pranata budaya, kearifan lokal, pendidikan karakter, bahan pangajaran maca.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan. Eusina ngawengku lokasi panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan oprasional, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV ngadéskrripsikeun hasil panalungtikan. Eusina ngawengku déskripsi umum masarakat jeung daérah Kampung Naga, Sistem pakakas jeung téknologi masyarakat Kampung Naga, cara ngukuhan pakakas jeung téknologi tradisional, nyieun rékoméndasi alternatif bahan ajar maca artikel budaya, jeung pedaran.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi, kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.